

Nimewo 11.9

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Deklarasyon ijans poutèt katastwòf nan Eta New York**

**LÈ NOU KONSIDERE**, New York kontinye fè eksperyans transmisyon COVID-19, epi pousantaj nouvo admisyon lopital pou COVID-19 yo rete nan plis pase 100 nouvo admisyon pa jou;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Òganizasyon Sante Mondyal la (World Health Organization) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention) te idantifye yon varyan, SARS-CoV-2 ke yo rekonèt kòm Omikwon, ke yo idantifye kòm yon varyan ki soulve preyokipasyon, yo rekonèt li vrèman transmisib epi li mande pou moun yo pran plis dòz vaksen pou pwoteksyon optimal;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta a dwe kontinye yon apwòch kowòdone pou asire kapasite lopital nan tout eta a kapab satisfè bezwen rejyonal yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gouvènman Eta a dwe sipòte minisipalite ak konte yo nan efò yo pou fasilite ak administre vaksinasyon ak tès pou COVID-19 ak pou anpeche viris la kontinye pwopaje nan pousantaj sa yo;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York ak Lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa, kontinye eta dijans akoz katastwòf la jan sa te fikse nan Dekrè Egzekitif 11, epi kontinye ak sispansyon ak modifikasyon lwa ki nan Dekrè Egzekitif 11 ak siksesè li yo, jiska 12 septanm 2022.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany,

trèzyèm jou mwa out nan ane de mil

vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a